



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 16.6 MILYON DOLA NAN PRIM POU SENK PWOJÈ ESTOKAJ ENÈJI KI DIRE LONTAN

Pwojè yo pral ede eksplwate enèji renouvlab epi bay enèji ki nan estokaj pou rezo elektrik New York la

17 milyon dola anplis disponib kounye a pou solisyon estokaj enèji ki dire lontan yo

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou enstale 3,000 megawat estokaj enèji solè disi 2030 epi ede fasilite plis devlopman 6,000 megawat

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 16.6 milyon dola nan prim pou pwojè estokaj enèji ki dire lontan yo ki pral ede eksplwate enèji renouvlab ak bay enèji estoke pou rezo elektrik New York la. Gouvènè Hochul te anonse tou yon lòt 17 milyon dola nan finansman pou konkirans ki disponib pou pwojè yo ki fè avanse devlopman ak demonstrasyon teknoloji estokaj enèji ki dire lontan ki ka fèt sou gwo echèl epi ki inovatè, tankou idwojèn. Pwojè yo pral sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou enstale 3,000 megawat estokaj enèji disi 2030 pandan l ap fasilite plis devlopman 6,000 megawat.

"Apwòch inovatè, vizyonè yo pou transfòmasyon fason enèji a estoke enpòtan pou konbat chanjman klimatik ak fè tranzisyon nan yon ekonomi enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York ap fè envèstisman odasye nan enèji pwòp, epi 16.6 milyon dola sa a nan prim pou pwojè ki eksplwate enèji renouvlab ak solisyon estokaj enèji ki dire lontan ki pa ase itilize yo pral yon gwo chanjman pou atenn objektif anbisyè sou klima ak enèji eta a. Nan fè avanse teknoloji estokaj enèji dirab ki nouvo ak pi dirab yo, n ap inogire yon avni ki pi pwòp ak pi vèt pou New York".

Gouvènè Hochul te fè anons jodi a nan Konferans sou Enèji Avanse 2022 a nan Vil New York. Prim sa yo ak nouvo finansman an ap disponib atravè Pwogram Inovasyon pou Optimizasyon ak Estokaj Enèji Renouvlab ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la administre. Prim yo ak finansman an pral fè avanse entegrasyon enèji

renouvlab epi redui emisyon danjere ki soti nan depandans sou konbistib fosil yo. 16.6 milyon dola nan prim yo pral sipòte pwojè sa yo:

- **Borrego Solar Systems, Inc. - 2.7 milyon dola** - Pou devlope, konsewva ak konstwi de sistèm estokaj enèji otonòm epi fè demonstrasyon sou teren yon sistèm estokaj enèji avèk katòd ibrid zenk sis èdtan nan Vil New York pou ede demontre ke teknoloji ibrid zenk ekonomikman konpetitif ak lityòm-ion.
- **JC Solutions, LLC dba RCAM Technologies - 1.2 milyon dola** - Pou devlope yon sistèm estokaj idwo-elektrik ponpe marin enprime an beton 3D ki entegre dirèkteman avèk devlopman ewolyen bò lanmè pou sipòte rezistans rezo a ak redwi depandans sou santral konbistib fosil yo pou satisfè peryòd pi gwo demann kouran.
- **Nine Mile Point Nuclear Station, LLC- 12.5 milyon dola** - Pou demontre jenerasyon pik enèji ki alimante ak idwojèn nikleyè ansanm ak yon inite estokaj enèji idwojèn ki dire lontan pou ede redwi emisyon nan rezo elektrik Operatè Sistèm Endepandan New York la.
- **Power to Hydrogen - 100,000 dola** - Pou devlope yon Sistèm Selil a Konbistib Revèsib pou Pwodiksyon Idwojèn ak Estokaj Enèji ki rele Pon Enèji Pwòp epi ede fasilite preparasyon sistèm lan pou demonstrasyon ak adopsyon komèsyal.
- **ROCCERA, LLC - 100,000 dola** - Pou evalye ak demontre yon nouvo pwototip Selil Elektwolizè a Oksid Solid ki komèsyalman vyab pou pwodiksyon idwojèn pwòp ansanm ak yon pwosesis fabrikasyon korespondan ak pi efikas ki gradyèl.

17 milyon dola adisyonèl nan finansman konpetitif pral ankouraje plis devlopman pwodui ak pwojè demonstrasyon nan estokaj enèji ki dire 10 a plis pase 100 èdtan nan pisans nominal, otreman ke yo rekonèt kòm estokaj enèji ki dire lontan. Soumisyon pwojè yo dwe fè pwogrese, devlope oswa teste sou teren teknoloji estokaj idwojèn, elektrik, chimik, mekanik oswa tèmo-elektrik, pou fè fas ak pwoblèm depans, pèfòmans ak entegrasyon enèji renouvlab tankou konjesyon rezo, difikilte kapasite ebèjman ak enplantasyon lityòm-ion nan Vil New York. Soumisyon yo dwe gen ladan yo sèlman teknoloji estokaj enèji ki dire lontan inovatè ki poko komèsyalize. Y ap bay prim yo pou kategori pwojè sa yo: devlopman pwodui, pwojè demonstrasyon ak pataj frè federal. Y ap aksepte pwopozisyon yo jiska 17 oktòb 2022. Gen plis detay sou solisasyon sa a ki disponib sou [sitwèb](#) NYSERDA.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la ak Ko-Prezidan Konsèy sou Aksyon Klimatik la, te deklare, "Teknoloji ak pwosesis yo k ap avanse atravè pwojè sa yo reprezante angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte inovasyon ki ankouraje devlopman pwodwi ak solisyon ki ede tranzisyon enèji pwòp nou an. Kalite sipò finansman sa a enpòtan anpil pou asire ke enèji renouvlab ki estoke soti nan solè oswa van disponib pou peryòd tan ki long epi yo ka itilize pou asire yon rezo fyab alavni".

Finansman pou teknoloji estokaj ki dire lontan, ki gen ladan pwojè ki konsantre sou idwojèn, sipòte estrateji jeneral dekarbonizasyon Eta a ak aktivite pou eksplòre wòl idwojèn nan diminye emisyon ak plis entegre resous renouvlab yo. Aktivite sa yo gen ladan:

- Gouvènè Hochul te bay NYSERDA, Depatman Sèvis Piblik Eta New York ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York pou yo devlope yon kad règlemantè idwojèn pwòp pou mezire rediksyon emisyon ak benefis sante yo. Kèk mezi espesifik yo enkli:
 - Evalyasyon an ak devlopman kòd ak estanda pou asire operasyon san danje idwojèn pwòp.
 - Devlopman pwogram pou sipòte solisyon lokal mikwo-rezo pwòp ki mache ak idwojèn pou ede kominote defavorize yo ranplase jeneratè sekou polisyon yo.Liberasyon 27 milyon dola nan finansman Inovasyon Idwojèn NYSERDA pou sipòte devlopman pwodui, pwojè pilòt, ak demonstrasyon atravè demann konpetitif yo.
 - Yon demonstrasyon idwojèn pwòp pou chofaj ak refwadisman distri.
 - Lansman yon Pwogram Prim Idwojèn Vèt (Green Hydrogen Prize Pwogram) pou sipòte konpayi idwojèn vèt yo k ap chèche elaji nan Eta New York.
- NYSERDA ap dirije yon kowalisyon ki gen plis pase 60 patnè, an kolaborasyon ak New York Power Authority ak Empire State Development, ki gen ladan Connecticut, Maine, Massachusetts, New Jersey ak Rhode Island pou devlope yon pwopozisyon Lwa federal 2021 sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay ak finansman an Santral Idwojèn epi deziyasyon kòm yon sant idwojèn rejyonal pwòp.
- Pou plis sansibilizasyon ak edikasyon sou sijè idwojèn yo, NYSERDA ap sipòte gwo angajman moun ki gen konsène yo, òganize yon [seri](#) wèbinè sou Eta Syans sou Idwojèn nan Eta New York epi li kontinye travay avèk yon gwoup divès òganizasyon ekstèn pou etidye, evalye ak konprann wòl potansyèl idwojèn nan Eta New York.

Pou akselere adopsyon mache renouvlab yo, Pwogram Optimizasyon Renouvlab ak Inovasyon Estokaj Enèji NYSERDA a ap envesti nan solisyon ak apwòch ki pral bay pi bon pèfòmans, redwi depans, ogmante kapasite ebèjman renouvlab yo ak amelyore entegrasyon avèk rezo a. Zòn espesifik enterè yo enkli devlope sistèm estokaj inovatè ki diminye depans materyèl, amelyore pèfòmans, diminye depans akseswa. Lòt domèn enterè yo gen ladan estimile avansman teknik pou amelyore rantabilite ekonomik enèji renouvlab ak distribiye resous enèji epi maksimize potansyèl entegrasyon ak kapasite ebèjman renouvlab atravè devlopman pwodui ak demonstrasyon. Jiskaprezan, pwogram sa a te pèmèt devlopman 356 pwojè avèk plis pase 225 milyon dola nan investisman NYSERDA, ki te jenerere 956 milyon dola nan investisman adisyonèl ak 46 pwodui komèsyalize.

Inisyativ NYSERDA yo finansse atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) 6 milya dola Eta a sou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418